



Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIT VAKSINASYON ETA YO PRAL KÒMANSE OUVRI DEMEN

*Sit vaksinasyon nan Sant Jacob K. Javits, Sant Konte Westchester, ak Sant Ekspozisyon Fwar Eta New York la ouvri 13 janvye, avèk Jones Beach k ap ouvri 14 janvye ak SUNY Albany k ap ouvri 15 janvye*

*Randevou yo ka pran jiska 14 semèn akòz repatisyon federal ki limite*

*Yo bay tout vaksen yo sou randevou sèlman*

*Klike [isit la](#) pou Detèmine elijibilite ak pran randevou ak founisè k ap administre yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse senk sit vaksinasyon eta a dirije ki kòmanse aksepte randevou e ki pwograme pou yo ouvri semèn sa. Sit yo- Sant Jacob K. Javits, Sant Konte Westchester ak Sant Ekspozisyon Fwar Eta New York la (New York State Fair Expo Center) - ap ouvri 13 janvye a 8 a.m., sit Jones Beach ak SUNY Albany ap ouvri tou 14 ak 15 janvye respektivman, epi yo pral anonse plis sit vaksinasyon ankò nan jou k ap vini yo.

Pliske apwovizyonman federal la vrèman limite kapasite pou distribiye vaksen an anpil, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san [randevou](#). Imansite rezo distribisyon ak gwo popilasyon moun ki kalifye New York yo lajman depase apwovizyonman vaksen gouvènman federal la bay la, k ap rive nan yon to apeprè 300,000 dòz pa semèn. Konsa, Nouyòkè ki elijib yo ta dwe prepare yo pou resevwa yon dat randevou nan jiska 14 semèn oswa plis alavni.

"Eta New York ap agrandi rezo ak kapasite nou pou fè plis kantite Nouyòkè ki posib vaksinen nan fason ki pi rapid jan apwovizyonman nou pèmèt li", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nouvo sit vaksen yo atravè tout Eta a ap akselere distribisyon nou an pou fè Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo vaksinen nan fason ki efikas. Pi gwo obstak nou kwaze kontinye rete inaksyon gouvènman federal la. Nou soti twò lwen pou yo rale nou tounen dèyè nan efò nou akòz kantite apwovizyonman vaksen gouvènman federal la bay la pa ase. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran pasyans pandan tout pwosesis sa epi mwen egzòte gouvènman federal la pou l ogmante apwovizyonman eta yo."

Pou akselere to vaksinasyon travayè swen sante ki gen priyorite yo plis, epi kòmanse vaksinen Nouyòkè ki fèk kalifye yo. New York te etabli yon rezo sit distribisyon k ap konplemantr travay k ap fèt nan lopital yo pou evite ke okenn lopital pa vin twò chaje. Rezo sa genyen ladan l senk sit eta a dirije ki ouvri semèn sa, ansanm ak 15 lòt y ap anonse nan jou k ap vini yo. Nouvo rezo sa ap itilize tou biwo doktè, Sant Sante ki Kalifye Federalman (Federally-Qualified Health Centers, FQHC), depatman sante konte yo, sant pasyan ekstèn yo ak famasi yo pou mete dòz yo nan bra Nouyòkè ki kalifye yo. Plis pase 1,200 famasi te deja angaje pou patisipe nan rezo sa, avèk apeprè 400 ki pwograme pou vin anliy semèn sa a. Yo pral bay famasi yo vaksen pou Nouyòkè ki gen 65 ane e plis yo, pandan ke lopital yo pral kontinye vaksinen travayè swen sante 1a yo, epi depatman sante lokal yo ak efò ke sendika yo òganize pral sèvi travayè esansyèl ki nan 1b yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)